# Shımbay rayonındaǵı jollar jańalanbaqta

Shımbay rayonında búgingi kúnde «Abat awıl» hám «Abat máhálle» mámleketlik baǵdarlaması sheńberinde ishki xojalıq jollarında qurılıs-ońlaw hám abadanlastırıw jumısları alıp barılmaqta.

Image not found or type unknown

Atap aytqanda, Shımbay rayonı jollardan paydalanıw unitar kárxanası tárepinen Jipek jolı MPJ aymaǵındaǵı Ámir Temur kóshesinde mámleketlik baǵdarlama sheńberinde kúndelikli ońlaw jumısları esabınan jańadan asfalt tóseldi. Aytıp ótiw orınlı, MPJ aymaǵınan jámi 5 kóshe baǵdarlamaǵa kirgizilgen bolsa, sonnan 2 kóshege asfaltlandı hám 3 kóshege ShPS tóseliwi rejelestirilgen. Bunnan tısqarı rayondaǵı Orjap MPJ aymaǵındaǵı 12 kóshe, Qızılózek APJ aymaǵınan 16 kóshe, hám basqa da bir qatar awıl hám mákan puqaralar jıyınları aymaǵındaǵı ishki xojalıq jollarında ońlaw jumısların alıp barılmaqta.

Shımbay rayonı hákimligi Málimleme xızmeti